УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

№20 (13882)

Черкес хэку

2024 гъэ, гъатхэпэм (мартым) и 23, щэбэт

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Гъатхэпэм и 25-р — щэнхабзэм и лэжьакIуэм и Махуэщ

ПщIэ зыхуэтщIу Къэрэшей-Черкесым и щэнхабзэм телажьэхэ!

Ди гум къыбгъэдэкIыу фи IэщIагъэ МахуэмкIэ дывохъуэхъу!

Ди республикэм щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ щыIэ зэщхьэщыкIыныгъэхэм, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм, абыхэм ижь-ижьыж лъандэрэ зэрахьа хабзэхэм Къэрэшей-Черкесыр лъэпкъыбэ Урысейм и хэгъуэгухэм я нэхъ къулейхэм, зэмыфэгъухэм, удэзыхьэххэм языхэз ящI.

Абы щыхьэт тохъуэ Москва къалэм ВДНХ-м щекIуэкIа «Россия» Дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ-форумым Къэрэшей-Черкесым и щэнхабзэр къэзыгъэлъагъуэ экспозицэр хьэщIэхэм къаазэрыщыхъуар.

Къыхэгъэщыпхъэщи, адэжьхэм къытхуагъэна щIэиныр дыхуэсакъыу зетхьэми, хэгъуэгур зэманым догъуэгурыкIуэ, зеужь. Ди республикэр къулейщ цIыху гъуэзэджэхэмкIэ: къэфакIуэхэр, сурэтыщIхэр, театр гъуазджэм хэтхэр, литературэм, сурэт техыным елэжьхэр... Я мыхьэнэр инщ адэжь щIэиным дыщызыгъэгъуазэхэми – музейхэм, библиотекэхэм щэнхабзэмкIэ хэщIапIэхэм, филармониехэм, нэгъуэщIхэм щылажьэхэм.

Федеральнэ, хэгъуэгу программэхэр дгъэзащIэкIэрэ, районхэм, къалэхэм щэнхабзэмкIэ Унэхэр, фестивалхэр, зэхьэзэхуэхэр къызэдгъэпэщкIэрэ, хэгъуэгум тлъэкIыр щыдощIэ псэ лъапIэныгъэхэр цIыхухэм зэрахьэн папщIэ.

Мы махуэм фIыщIэ яхудощI махуэщIыр зэхьэлIа дэтхэнэми. Гукъыдэж, лъэкIыныгъэ, фи гум къридза гукъэкI дахэхэр къывдэхъуну дывохъуэхъу! МахуэщIымкIэ!

ТЕМРЕЗОВ Рэшид,
Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ

ИВАНОВ Александр,
Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ

АРГУН Мурат,
Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм и тхьэмадэ

Социально-экономикэ зыужьыныгъэ

Гъэлъэгъуэныгъэхэм къехъуащ

КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ УФ-м и Правительствэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Новак Алек-сандррэ лэжьыгъэ IуэхукIэ Москва къалэм щызэIущIащ.

Темрезов Рэшид зэрыжиIамкIэ, республикэм нэхъ гъэлъэгъуэныгъэ нэхъыщхьэхэмкIэ хэхъуэ зэриIэр нэрылъагъущ: экономикэ лэжьыгъэм хиубыдэ, ипэ ирагъэщ кIуэрабгъухэмкIэ хьэпшыпу, хуэIухуэщIэу ялэжьар къехъуащ проценти 117,7-кIэ, хэгъуэгу бюджетым инвестицэ IэмалкIэ ахъшэу къихъуащ проценти 199,5-м нэхърэ нэхъыбэ, лэжьапIэ IэнатIэхэр проценти 116,4-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

Новак Александр къызэрыхигъэщамкIэ, апхуэдэ хэхъуэ хэгъуэгум къыхуихьащ мэкъумэш хъызмэтым, промышленностым, туризмэмрэ транспортымрэ инвестицэ проектыщIэхэр къыщагъэсэбэпын зэрыщIадзам. Къэрэшей-Черкесым турист нэхъыбэ къешэлIэнымкIэ щхьэпэ хъунущ 2028 гъэм «Архъыз» курортым пэмыжьжьэу кхъухьлъатэтедзапIэ къызэрыщызэIуахынур.

«КъЧР-м щыпсэухэр арэзы тохъуэ социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ зэрызыдужьым. Абы къегъэлъагъуэ тхьэмахуэ кIуам хэгъуэгум УФ-м и Президентыр хэхынымкIэ щекIуэкIа махуищ кампанэм цIыху куэд зэрыхэтамрэ хэхыныгъэхэм къапэкIуамрэ: шэч хъызытепхьэ мыхъун текIуэныгъэр зыIэригъыхьащ Путин Владимир», — щитхащ Темрезов Рэшид и телеграм-каналым.

Ди корр.

Видеоконференц

Лъэпкъ шынагъуэншагъэр

УФ-м и Правительствэм и Тхьэмадэ Мишустин Михаил иригъэкIуэкIа пленар зэIущIэм Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид видеоконференц Iэмалым тету хэтащ. Ар теухуауэ щытащ щIыпIэ зыужьыныгъэмкIэ Стратегиер щIэкIэ хъуэжьным.

Урысейм щIыпIэ зыужьыныгъэмкIэ Стратегиер къызэрагъэпэщащ УФ-м и Президентым и унафэкIэ. Абы хохьэ зэлэжьынухэр, лъэпощхьэпохэмрэ къыхуеджэныгъэхэмрэ, щIыпIэ зыужьыныгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр. Дэфтэрыр лэжьэнущ 2025 гъэм нэгъунэ. ИджыкIэ ар къагъэщIэрэщIэж экономикэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэмрэ къыхуеджэныгъэщIэхэмрэ къахэкIыу.

Стратегиер щызэхагъэувэм къыхалъытащ щIыпIэм зегъэужьыныкIэ щыIэ лъэкIыныгъэхэмрэ иримыкъу инфраструктурэхэмрэ. Абы къыхэкIыу, Стратегие лажьэххэми щIэуэ зэрахъуэкIыжми ярытщ ар зэрагъэзэщIэну щIыкIэр, хэгъуэгум и экономикэм зегъэужьыныкIэ щыIэ IэмалыфIхэр, купсэхэр.

«Мы дэфтэрым цIыхухэм я щыIэкIэпсэукIэр иригъэфIэкIуэнущ, щIыналъэмрэ экономикэм и лъэныкъуэгъазэхэмрэ зрагъэужьынущ. Ар гъэзэщIэныр хуэунэтIащ экономикэ ефIэкIуэныгъэмрэ технологие зыужьыныгъэмрэ щIэгъэхуэбжьэным. КъинэмыщIауэ, ди къэралым и лъэпкъ шынагъуэншагъэр къызэрегъэпэщ», — жиIащ Темрезов Рэшид.

Ди корр.

Къэрэшей-Черкесым и власть къулыкъухэмрэ МЧС-м и къудамэхэмрэ зэрызэдэлажьэм ирипсэлъащ ди хэгъуэгум и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ Урысейм и МЧС-м и УнафэщI, генерал-лейтенант Куренков Александррэ.

Москва къалэм щекIуэкIа зэIущIэм и гугъу щащIащ псыдзэмрэ мафIэсымрэ къыщежьэ пIалъэхэм зыхуагъэхьэзыркIэрэ, профилактикэ Iэмалхэр зэрагъэзащIэм, властымрэ МЧС-м и къудамэу ди хэгъуэгум щыIэмрэ зэрызэдэлажьэм.

КъинэмыщIауэ, турист кIуэрабгъум епха шынагъуэншагъэ щытыкIэхэми тепсэлъыхьащ. Иужьрей илъэсхэм ди республикэм нэхъыбэ щыхъуащ турист кластерым епхауэ щIэплъыкIыныгъэ здегъэкIуэкIыныгъэ зэпыщIэныгъэ-зэдэлэжьэныгъэмрэ сыт щыгъуи Iэмал къыдатащ къэув лъэпощхьэпохэр къызэдгъэкIыну», — жиIащ Темрезов Рэшид.

Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэм фIыщIэ яхуищIащ Куренков Александрэ МЧС-м щылажьэхэмрэ.

ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ

МЧС-мрэ властымрэ

Я зэдэлэжьэныгъэм и фIыгъэкIэ

Москва къалэ

Президентым и дзыхьщIэгъуэхэм

Урысейм и Президент Путин Владимир яIущIащ ди къэралым и ЛIыщхьэм и хэхыныгъэхэм и кандидатурэр дзыщта и дзыхьщIэгъуэхэм.

«Согугъэ Урысеищ Iэр ухуэнымрэ егъэфIэкIуэнымрэкIэ гъуэгум дызэгъусэу дрикIуэну. Абы папщIэ, дэ псори диIэщ. Нэхъыщхьэр – урысей цIыхухэм гукъыдэж яIэщ», — мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ Путин Владимир и дзыхьщIэгъуэхэм захуигъэзащ.

Политикэ, жылагъуэ IэщIагъэлIхэм, щэнхабзэм, гъуазджэм, щIэныгъэм я лIыкIуэхэм, спортсменхэм яхэтщ ди хэкуэгъуэхэри: «Архъыз 24» телевиденэм и редактор нэхъыщхьэ, Къэрэшей-Черкесым щIыхь зиIэ и журналист Батчаевэ Мадинэ, СВО-м хэта, «Защитники Отечества» фондым и социальнэ координатор Гусхэ Замир, егъэджакIуэ Капалкинэ Юлэ сымэ.

«Ди Лъэпкъ Пашэм жиIащ зэIущIэм хэта дэтхэнэми Хэкум куэд зэрыхуалэжьар икIи фIыщIэ яхуищIащ абы зэрызыщIагъэкъуам папщIэ.

Си фIэщ мэхъу, я гуащIэдэкI ехъулIэныгъэхэмкIэ ди хэкуэгъуэм Къэрэшей-Черкесым, зэры-Урысейуэ я зыужьыныгъэм адэкIи хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIынур», — Темрезов Рэшид телеграм-каналым щиIэ и напэкIуэцIым щитхащ.

ДЗЭМЫХЬ Маринэ

«Зыуэ щыт Урысей» партым и генеральнэ советым и секретарь Турчак Андрей яIущIащ дяпэкIэ партым и кандидату игъэлъэгъуэнухэм. Абы хэтащ СВО-м и добровольцхэр, мобилизованнэхэр, реабилитацэ зыщI зауэлIхэр, зэуапIэхэм къыIукIыжахэр.

Апхуэдэщ Ищхъэрэ Осетие-Алание, Тыва, Тэтэрстан, Бурятие, Къэрэшей-Черкес Республикэхэм, Пензэ, Томск, Саратов, Челябинск областхэм, Алтай крайм щыщу СВО-м хэтхэр, ветеранхэр.

КъЧР-м къыбгъэдэкIыу зэIущIэм хэтащ Усть-Жэгуэтэ щыщ Мутчаев Дахир. Ар СВО-р зэрыщIидзэрэ хэтщ. Мы зэманым и уIэгъэр егъэхъуж, республикэм къэкIуэжауэ реабилитацэ щещI. И лIыгъэм папщIэ къыхуагъэфэщащ медаль зэхуэмыдэхэр.

— Президентым и Зыхуэгъэзэныгъэм наIуэу къыщыхигъэщащ СВО-м хэтхэр, операцэ хэхам и ЛIыхъужьхэр, зи гъащIи, зи къаруи щымысхьыжу фашизмэм Хэкур щыхъумэным щхьэузыхь зыхуэзыщIхэр. Президентым къалэну игъэуващ апхуэдэхэр нэхъыбэу политикэм, къэрал Iуэхухэм къыхэшэн хуейуэ. «Зыуэ щыт Урысей» партыр СВО-р щыщIидзам щегъэжьауэ къалэныр гъэзэщIэным пэрытщ», — жиIащ Турчак Андрей.

ЗэIущIэ

Хэхыныгъэхэр къытпэщытщ

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ мы гъэм фокIадэм хэгъуэгухэм щекIуэкIыну хэхыныгъэ зэхуэмыдэхэм хэтыну, «Зыуэ щыт Урысей» партым и кандидатхэр къыхэхыным. «Предварительнэ» Iэ Iэтыныр гъатхэпэм и 21-м щIидзэнурэ накъыгъэм и 26-м нэгъунэ электроннэ щIыкIэу екIуэкIынущ.

Лъэпкъыбзэр хъумэным

«Фрипсалъэ адыгэщI, адыгэбзэм!»

Адыгэ тхыбзэм и Махуэм ипкъ иту, Черкесск къалэм дэт къэрал филармонием «Ену бзэрабзэ, си АДЫГЭБЗЭ!» республикэ фестивалыр щекIуэкIащ. Ар къызэригъэпэщащ Къэрэшей-Черкес Республикэ Адыгэ Хасэм, Черкесск къалэм адыгэбзэмкIэ и егъэджакIуэхэм я дэIэпыкъуныгъэкIэ.

Лъэпкъыпсэ-хэкупсэ Iуэхугъуэхэм цIыхубэр зэрыхуезэшар зыхэпщIэу, а махуэр хуабжьу хэIэтыкIауэ, дахащэу, гукъинэжу екIуэкIащ. Фестивалым хэтащ республикэм и еджапIэхэм къабгъэдэкIа щIэблэ зэчиифIэхэр. ИкIи, ипэкIэ зэрекIуэкIыу щытам къыщхьэщыкIыу, мы махуэщIым лъэпкъ фестиваль мыхьэнэр иIащ. КъызэгъэпэщакIуэхэм къызэрыхагъэщамкIэ, абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар, сабийхэр гузэвэгъуэ хэмыту, я зэфIэкIыр щызу утыкум къыщагъэлъэгъуэнращ. КупщIэр — анэдэлъхубзэр зыIурылъ ди сабийхэр гушхуэу утыку къихьэф хъунращ.

Махуэшхуэ зэхыхьэм къеблэгъащ КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутатхэу Аслъэнхэ Алий, Гуэнэ Игорь, Къардэн Фатимэ, Щнахъуэ Къырым, КъЧР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и министрым и къуэдзэ Бэчыжь Фатимэ, Черкесск къалэ мэрием егъэджэныгъэмкIэ и Управленэм и IэщIагъэрылажьэ нэхъыщхьэ Агырбэ Хъаджэт, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэ, Акъ Мухьэрбэч и цIэр зезыхьэ адыгэ театрым и унафэщI КIуштэ Динэ, Адыгэ Хасэм и Советым хэтхэр, адэ-анэхэр, къалэдэсхэр.

2

IэнатIэщIэ

Ди хэгъуэгум и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид нэIуасэ къыхуащIащ Къэрэшей-Черкесым и Хьэкумыщ-Iэ департаментым и Управленэм унафэщIу трагъэхьа Джанибеков Марат.

ХьэкумыщIэ къулыкъум

Апхуэдэу, Къэрэшей-Черкесым и хьэкумыщIэ Нэхъыщхьэм и тхьэмадэ Лепшоков Науруз ди республикэм и лIыщхьэм цIыхугъэ хуищIащ УФ-м и хьэкумыщIэ Нэхъыщхьэм щиIэ департаментым и унафэщI нэхъыщхьэм и УнафэкIэ IэнатIэ лъагэм трагъэхьар.

Джанибеков Марат зыпэрыхьа IэнатIэщIэм Управленэм щылажьэхэм ящIыгъуу район, къалэ, район-зэпх хьэкумыщIэхэм я лэжьыгъэр зэтригъэпсыхьынущ, иухуэнущ.

ЗэIущIэм ипкъ иту, Темрезов Рэшид жиIащ IэнатIэщIэм къыкIэлъыкIуэ лэжьыгъэ мытыншым Джанибековыр пэлъэщынымкIэ шэч къызэрытримыхьэр.

Ди корр.

Къэпщытэжыныгъэ зэIущIэ

Хабзэ щIэнгъуазэ

Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ хьэкумыщIэ Нэхъыщхьэм и тхьэмадэ Лепшоков Науруз зэдрагъэкIуэкIа зэIущIэм къыщапщытэжащ 2023 гъэм ищхьэ хьэкум къулыкъум иригъэкIуэкIа лэжьыгъэр.

Темрезов Рэшид къызэрыхигъэщащи, «КъЧР-м и Ищхьэ судыр — къэрал къулыкъухэм я Iыхьэ нэхъыщхьэщ, цIыхум, жылагъуэмрэ къэралымрэ я хуитыныгъэхэр, хабзэ лъэкIыныгъэхэр, хьэлэмэтхэр къызэзыгъэпэщщ».

Лепшоков Науруз къыхигъэщащ жылагъуэм и хабзэ щIэнгъуазэм, гу лъыптэу, зэрыхэхъуар, лъэныкъуэ псомкIэ я Iуэхухэри зэкIэлъагъакIуэ.

КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид лэжьыгъэ IуэхукIэ IущIащ республикэм и Арбитраж судым и пашэ Негрий Наталье. Зэпсэлъэныгъэр теухуауэ щытащ Арбитраж судым и лэжьыгъэм.

Негрий Наталье хэгъуэгум и Iэтащхьэр щигъэгъуэзащ экономикэ лъабжьэ зиIэ зэгурымыIуэныгъэхэр, захуагъэр зи лъэныкъуэу щытыпхъэ IуэхущIэм и хьэлэмэтхэр къыдэхыным, зэфIэгъэувэжыным хуэунэтIауэ зэфIах къалэнхэм.

Лъагэу къилъытащ

Хэгъуэгум и Iэтащхьэм уасэфI хуищIащ Арбитраж судым и лэжьыгъэм.

ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ

КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид и унафэм ипкъ иту, республикэм гуащIэдэкIымрэ социальнэ зыужьыныгъэмрэкIэ и министр Камурзаевэ Динарэ быныбэ анэхэм яIущIащ.

Социальнэ гъащIэ

Быныбэ унагъуэхэм

Анэхэр къытепсэлъыхьащ я унагъуэхэм я лъабжьэ быдагъэр зыхалъагъуэм, бын гъэсэныгъэм, унагъуэм щIэсхэр зыдихьэххэм, я IуэхущIафэхэм, нэгъуэщI куэдми.

КъинэмыщIауэ, лъэныкъуэхэр къытеувыIащ къэрал программэхэм, социальнэ хуэгъэкIуэтэныгъэхэм, щIэгъэкъуэныгъэхэм.

Анэхэр щIэупщIащ быныбэ анэм и удостоверенэр республикэм щатын щыщIадзэнум. Министрым зэрыжиIащи, УФ-м и Президентым и унафэкIэ ягъэнэIуэнурэ щIагъэбыдэнущ анэ быныбэ щIыхьыщIэм щыхьэт техъуэ удостоверенэм и теплъэр. ИджыкIэ абы йолэжь. Удостоверенэм анэ быныбэм лъэкIыныгъэ, хуэгъэкIуэтэныгъэ зэхуэмыдэхэр къритынущ: пщIэншэу музейхэм, театрхэм, паркхэм, гъэлъэгъуэныгъэхэм кIуэнымкIэ, нэгъуэщIхэмкIи.

Къыхэгъэщыпхъэщи, илъэс кIуам икъукIэ нэхъыбэ хъуащ республикэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэ, хуэгъэкIуэтэныгъэ лIэужьыгъуэхэр, хэхъуащ республикэ анэ гъэтIылъыгъэр, сабий ещанэм папщIэ ят ахъшэр. Унагъуэшхуэхэм къахэкIа студентхэм, СВО-м щыIэхэм я бынхэм республикэ мыхьэнэ зиIэ дэIэпыкъуныгъэхэр ирагъэгъуэт.

Ди корр.

Социальнэ фондым

ЗэхъуэкІыныгъэхэмрэ гу зылъытапхъэмрэ

2023 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ Урысейм пособэщІэ щагъэуващ, илъэс 17-м нэс ныбжьым ит бын зиІэ унагъуэхэм ятеухуауэ. Республикэм щыщ унагъуэ дапщэм къыщІахрэ пособэщІэр? КъЧР-м Зыуэ щыт пособэр щыгъэувыным сыт хуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьа? Хэгъуэгум и СМИ-хэм къабгъэдэкІа упщІэхэм жэуапхэр яритащ, илъэс блэкІам ялэжьар къипщытэжащ СФР-м и Къэрэшей-Черкес республикэ къудамэм и унафэщІ Уэз Аслъэн.

— Зыуэ щыт пособэр зыхуэдэр цІыхухэм ягу къэдгъэкІыжынщ. Ар — республикэм щагъэува, цІыхур зэрыпсэуфыну нэхъ мащІэм икІэ къакІуэ хэхъуэ мыхъумэ зимыІэ унагъуэхэм къэралым яригъэгъуэт дэІэпыкъунигъэщ. Зыуэ щыт пособэу республикэм 2024 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ ягъэувам и мардэр сом 14 371-щ. Пособэр ятеухуащ лъэщыджэ хъуа, пасэу медицинэ нэІэм щІэуува бзылъхугъэхэм, илъэс 17-м нэс ныбжь зиІэ быным я анэ-адэхэм. Пособэр республикэм цІыхур зэрыщыпсэуфыну ягъэува мардэм и процент 50-у, 75-уэ е проценти 100-у щытынкІэ мэхъу.

— 2023 гъэм къриубыдэу унагъуэ дапщэм Зыуэ щыт пособэр ирата?

— Мы пІалъэм ехъулІэу республикэм и Социальнэ Фондым лъэІу тхылъ мин 82-рэ кърахьэлІагъэххэщ, абы щыщу мин 11-р бзылъхугъэ лъэщыджэхэм къабгъэдэкІащ.

Зыуэ щыт пособэр къэхъуа къудей сабийхэм щегъэжьауэ зи ныбжьыр илъэс 17-м нэс нэрыбгэ мин 72-м нэсым я анэ-адэхэм, бзылъхугъэ лъэщыджэ 2995-м хуагъэуващ. Зыуэ щыт пособэр тын зэрыщІэддзэрэ, КъЧР-м и ОСФР-м сом меларди 6,8-м щІигъу итащ.

— АдэкІи пособэр къратыным теухуа лъэІу тхылъ зытхым е япэу щІэзылъхьэм яхьэлІауэ зэхъуэкІыныгъэ щыІэ?

— Щыэщ. 2024 гъэм щІышылэм и 1-м щыщІэдзауэ пособэм хэхъуащ икІи сом 15 664-рэ хъуащ (лэжьэфыну балигъхэм яхьэлІауэ, сабийхэмкІэ — сом 14182-рэ. Абы къыдэкІуэу, унагъуэм щыщ дэтхэнэми ику иту и хэхъуэр сом 14371-м щхьэдэмыхыу щытыпхъэщ.

Гу зылъытапхъэщи, зэхъуэкІыныгъэ щхьэхуэхэр къыдогъэсэбэпыххэ 2023 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м щегъэжьауэ. Апхуэдэу, унагъуэм и хэхъуэм хабжэкъым зэ тыгъуэ ахъшэ фІыщІапщІэхэр. Зихъуэжащ «самозанятые» гупым хиубыдэхэм яхьэлІауэ пособэм и щытыкІэми.

2024 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ унагъуэм и хэхъуэм хабжэнукъым балигъыпІэм нэмыса быным еджэгъуэм къыщыдэхуэ пІалъэм илэжьам пэкІуэу къихьа улахуэр. Алиментыр пособэм хабжэным и Іуэхуми зэхъуэкІыныгъэ игъуэтынущ.

— ЩІэджыкІакІуэм едгъэцІыхуну дыхуейт пособэр хуагъэувын папщІэ зытехуапхъэ щытыкІэхэр.

— ЩытыкІэ нэхъыщхьэр — унагъуэм и хэхъуэ мащІэращ. Фондым и ІэщІагъэлІхэм Іуэхум къыхалъытэ унагъуэр пособэ хуэныкъуэу къалъытэнымкІэ мыхъей, хъей мылъкуу бгъэдэлъыр, финанс зэхуэхьэсыныгъэ мылъкуу иІэр, нэгъуэщІ лъэныкъуэхэри. Пособэр зыхуагъэув унагъуэм ис балигъ къэс лажьэу щытын хуейщ, мылажьэмэ — щІэмылажьэм щхьэусыгъуэ иІэпхъэщ. Нэхъыщхьэращи, унагъуэм ис балигъи сабии Урысейм и цІыхуу, къэралым щыпсэууэ щытыпхъэщ.

— Унагъуэм и хэхъуэм елъытащ пособэр жыбоІэ. Хэхъуэу къилъытэр сыт хуэдэ лІэужьыгъуэхэра?

— Пособэр унагъуэм кратын папщІэ хэхъуэ нэхъыщхьэу иІэпхъэхэр: лэжьапщІэ, «больничный лист» сымаджапщІэхэр, отпуск ахъшэр, стипендиер, пенсэр, пособэхэр, компенсацэхэр, банкхэм щиІэ ахъшэ хэлъхьэныгъэхэм къапэкІуа процентхэр, хыхьэхэкІ Іуэхум, «самозанятость» гуащІэм къыхуихьа хэхъуэр, лэжьапІэншагъэ пособэр, бэджэнду ита мылъкум къыпэкІуар, алиментыр, казином къыщихьа хэхъуэр, хамэ къэралхэм щищІа мылъку хэхъуэр. Гу зылъытапхъэщи, хэхъуэр къабж хьэкълыкъыр хэмыкІауэ.

— Унагъуэм сабий зыбжанэ исмэ, дэтхэнэми теухуа лъэІу тхылъ фондым ныщІалъхьэн хуей?

— Хьэуэ. Сабий дапщэ унагъуэм имысми, зы лъэІу тхылъщ къыдахьэлІапхъэр. Хъунущ лъэІу тхылъыр МФЦ-мкІэ, Госуслуги порталымкІэ, клиент къулыкъумкІэ къыдахьэлІэмэ.

Щыуагъэ куэдрэ цІыхухэм зыхалъхьэ щытыкІэхэм гу лъатэну сыхуейт:

— нэгъуэщІ цІыхум и СНИЛС-ращ ягъэнаІуэр;

— цІэ-унагъуэцІэхэм деж хьэрф «Е» «Ё»-хэм хуэсакъыпхъэщ;

— лъэІу тхылъым щагъэнаІуэкъым унагъуэм ис нэрыбгэ къэс.

— Ди щІэджыкІакІуэм упщІэ иІэмэ, дэнэ зыздыхуигъэзапхъэр?

— КъЧР-м и Социальнэ фондым и **«Горячая линия»** зэпыщІэныгъэр сыткІи жэуапэгъу къахуэхъунущ: **8-800-200-02-61,** лэжьэгъуэ махуэ къэс сыхьэтыр 8-м щегъэжьауэ 17-м нэс. Хъунущ я щхьэкІэ къыддгъэдыхьэми, республикэ СФР-р — Черкесск къалэм Горькэм и цІэкІэ уэрамым тет зи №3-нэ унэращ.

Зыгъэхьэзырар ТУАРШЫ Ирэщ

ФщІэн папщІэ

Гулъытэ

Ди газетым пыщІэныгъэ ин къыхузиІэ, цІыху лъэпкъыпсэ-хэкупсэ, ди лэжьэгъу Іэбыдэ (Уэхъутэ) Асярэ абы и нэІэм щІэт «Si Art» творческэ студием щигъасэ цІыкІухэмрэ щыхьэщІащ Черкесск къалэм дэт, жьыгъэр къызытегуплІахэмрэ ныкъуэдыкъуагъ зытелъхэмрэ ятегъэпсыхьа «Гармония» республикэ Унэ-интернатым.

Псэ къабзэм и къарур

Ася зэрыжиІэмкІэ, творческэ лъэщапІэм зыщызыгъасэхэми, абыхэм я анэ-адэхэми, ныбжьыщІэхэр сурэт щІыным хуезыгъасэхэми куэд щІауэ я мурадт фІылъагъуныгъэрэ гулъытэрэ псом хуэмыдэу хуэныкъуэхэм я деж хьэщІапІэ кІуэну, нанэ-дадэхэм я гукъыдэжыр къэзыІэтын Іуэху къызэрагъэпэщыну.

— Іуэху дахэ, гуапэ тщІэну дыхуей пэтми, мыра жэуэ зыми тедубыдэфтэкъым. Иужьым, си сабийхэм языхэзым и анэм къыджиІащ езыр ныбжь зиІэхэр здыщаІыгъ Унэ — интернатым зэрыщылажьэр, икІи сабийхэм къабгъэдэкІ сыт хуэдэ гулъытэми ныбжьырейхэр хуабжьу зэрыщыгуфІыкІынур. Ар щызэхэсхым, къызгурыІуэпащ дыздэкІуэн хуейр. Сабий къэс сурэт и Іэкіэ ищІри, дытемыпыІэжу дадэ-нанэхэм дахуеблэгъащ, — къыддогуашэ сабийхэм я егъэджакІуэр.

ЗэрыжиІэмкІэ, а Іуэхум сабийхэр хуагъэхьэзыращ: егъэджакІуэри, адэ-анэхэри цІыкІухэм япсэлъащ. Абыхэм къагурыІуащ икІи зыхащІащ я Іэдакъэщ Іэкіхэр зыхуахьынур. Сабийхэм псэкІи акъылкІи гупсысэр ягъэва нэужьщ сурэт тхыным зыщрапщытар. Ныбжьыщ Іэхэр жэуаплыгъэ пылъу бгъэдыхьащ мы Іуэхум. Дэтхэнэми къыгурыІуэт абы итха сурэтыр е дадэм е нанэм тыгъэ зэрыхуищІынур, икІи, и Іэдакъэ къыщІэкІым нэхъыжьым и гукъыдэжыр къызэрыІэтыным, нэжэгужэ зэрищІыным дэтхэнэри хущІэкъуащ. Егъэджакіуэм зэрыжиІэмкІэ, языныкъуэхэр я Іэдакъэщ Іэкіхэм махуи 2-3-кІэ елэжьащ: зыгуэр зэрахъуэкІащ, щІагъужащ, зэблахыжащ.

— Хуэбгъэфащэ зэрыхъунымкІэ, сабийхэр хущІэкъуащ я фІылъагъуныгъэмкІэ, я псэ къабзэхэм къыпкъырыкІ хуабагъэмкІэ гулъытэ хуэныкъуэхэм, закъуэныгъэр къызылъэІэсахэм ядэгуэшэну. Езы нэхъыжьхэми икъукІэ ар зыхащІащ, — къыпещэ студием и гъэсакІуэм.

Ныбжьыщ Іэ дыдэ пэтми, апхуэдэ псэ лэжьыгъэшхуэ къызэранэкІауэ цІыкІухэр мы хэщІапІэм екІуэлІащ. Я сурэтхэм къинэмыщІауэ, дадэ-нанэхэм ІэфІ-Іуфіхэри хуахьащ. Дадэ-нанэхэр сабийхэм къапэплъэт, зэхуэс пэшышхуэм щызэхуэсауэ къайжьэт. Умыгъэщ Іэгъуэн плъэкІынтэкъым дадэ-нанэхэмрэ сабийхэмрэ щІэх дыдэ зэрызэгурыІуар: зэуэ зэдэуэршэрын щІадзащ, зэщІэупщІащ, уэрэд зэдыжаІащ, къэфащ.

— Яхуэтхьа сурэт къэс ахэр хуабжьу щыгуфІыкІащ, зэбграхащ, я пэшхэм щыфІалъхьэну къыджаІащ, — гуапэу къыхегъэщ Ася.

Къинэмыщ Іауэ, тхылъымпІэ хужьыщхуэ къащтэри, дадэ-нанэхэм я Іэгухэр абдеж къыщатхъыхьащ, къабгъурыту — сабий Іэ цІыкІухэр тращІыхьащ…

Апхуэдэ зэхэс «хуабэр» дадэ-нанэхэми сабийхэми куэдрэ я гум илъынущ. Абы шэч хэлъкъым. Нэхъыжьхэми нэхъыщІэхэми а махуэм Іупщ Іу зыхащІащ фІылъагъуныгъэм, гулъытэм, псэ къабзэм я къарур, я мыхьэнэр, ар зэрыуасэншэр.

Зыгъэхьэзырар ГЪУКІЭКЪУЛ Иринэщ

Лъэпкъыбзэр хъумэным

«Фрипсалъэ адыгэщІ, адыгэбзэм!»

1

КъекІуэлІа псоми фІэхъускІэ захуигъэзащ республикэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ДАХ-м и вице-президент Аслъэнхэ Алий:

— Илъэс къэс адыгэ тхыбзэм и Махуэм ипкъ иту, зэпеуэ, фестиваль, нэгъуэщІ Іуэхугъуэ куэд зэхыдошэ. Мы гъэм япэ, етІуанэ увыпІэкІэ сабийхэр къыхэдмыгъэщу, я лъэкІыныгъэхэмрэ зэфІэкІхэмрэ къадгъэгъэлъэгъуэну мурад тщІащ. Сыщогуфіыкі я анэдэлъхубзэмкІэ сабий пщІы бжыгъэ нобэ утыкум къыхэрихьэнум. Шэч къытесхьэкъым, ди бзэр хъумэным нобэрей Іуэхур сэбэп зэрыхуэхъуным.

ФІыуэ флъагъу фи анэдэлъхубзэр! Фрипсалъэ! Нобэ фи унагъуэм фекІуэлІэжа нэужь, иджыри зэ фи адэ-анэхэм, махуэ къэс къыв-дэлажьэ егъэджакІуэхэм фІыщІэ яхуэфщІ, фи анэдэлъхубзэр къызэрыфІуралъхьам папщІэ!

Си фІэщ мэхъу нобэ адыгэбзэмкІэ вгъэзащІэ усэхэр, уэрэдхэр, зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэр фигу къызэринэжынур, адэкІэ къыфщІэхъуэнухэми зэралъэвгъэІэсыжыфынур. Фызэпсалъэ адыгэбзэкІэ! — жиІащ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм.

Фестивалыр ирагъэжьащ Хьэкъун Миланэ цІыкІу игъэзэщІа «Черкесия моя» уэрэдымкІэ. Мис абдеж щыщІэдзауэ, зым нэхърэ зыр нэхъ гъэщІэгъуэныжу, утемызашэу, зэм уи псэм еІусэрэ ухигъэгупсысыхьу, зэми нэжэгужагъ къыпхилъхьэрэ уигъэдыхьэшхыу сабийхэм узыфІэмыкІыжыну зыкъагъэлъэгъуащ. Залым щІэсахэми я Іэгуауэр зэпыуакъым.

Лейкъым а махуэм зыкъэзыгъэлъэгъуа дэтхэнэми я цІэр къитІуэныр, дэтхэнэри къыхэгъэбщхьэхукІыну яхуэфащэщ.

Апхуэдэщи, адыгэбзэм и дахагъыр я усэхэмкІэ къагъэлъэгъуащ Жамбэч Сэлихь и цІэр зезыхьэ Али-Бэрдыкъуэ курыт еджапІэм и еджакІуэ Езауэ Данэ; Амирокъуэ Ибрэхьим и цІэр зезыхьэ Куэш-Хьэблэ къуажэм и гимназием щеджэ Къэргъей Ритэрэ Мамхэгъ Аидэрэ; Адыгэ-Хьэблэ районым къикІа еджакІуэхэу Нэней Амалиерэ ДыщэкІ Лилэрэ; къалэ еджапІэхэм я еджакІуэхэу Мэремыкъуэ Миланэрэ Пхъэш Алимрэ; Иуан Марьянэ, Мыхьэмэт Налбий, ГъукІэ Алинэ сымэ; Мамбэтхэ Арианэрэ Марянэрэ; Молэ Аделинэ, ЛІымаху Арианэ, Куэбл Элинэ; Хьэунэжьхэ Алийрэ Аюбрэ, Хъупсырокъуэ Зейнэ сымэ.

Адыгэ уэрэдхэмкІи гъэнщІауэ щытащ а махуэр. Токъубай Маринэ зи унафэщІ «Вдохновение» уэрэджыІэ гупым екІуу, узэщІиІэтэу зыкъагъэлъэгъуащ.

Къинэмыщ Іауэ, а махуэм уэрэд жаІащ Хьэбэз къуажэм дэт лицейм и еджакІуэ КІытІэ Лянэ, Малокурганнэ къуажэ еджапІэм щеджэ Дыгъужь Эльмирэ, Черкесск къалэм и е 18-нэ гимназием и еджакІуэхэу Мамбэтхэ Арианэрэ Марианэрэ, е 17-нэ гимназием къыбгъэдэкІа Гундэхъу Елдар, е 19-нэ гимназием и еджакІуэ ГъукІэ Аминэ, е 16-нэ гимназием щеджэ Гъузий Эвелинэ сымэ.

Адыгэ къафэ зэхуэмыдэхэр къащІащ Тание Азэмэт и «Ридадэ», Къумыкъу Азэмэт и «Сэлам», Хьэбэз лицейм и «Синд», «Радуга» са-бий къэфакІуэ гупхэм, Черкесск къалэм дэт зи №3, 8, 9 курыт еджапІэхэм къабгъэдэкІа къэфакІуэхэм.

Залым щІэсахэм псом нэхърэ нэхъ ягу ирихьауэ жыпІэ хъунущ адыгэбзэкІэ цІыкІухэм ягъэзэщІа теплъэгъуэхэр. Ныбжьыщ Іэхэр мы Іуэхум жэуаплыгъэ хэлъу зэрызыхуагъэхьэзырар, ягъэзащІэ ролхэм я фІэщу зэрихьар нэрылъагъут. Апхуэдэу, бзэныкъуэ хъуа ди цІыхухэр ауан зэрыхъури, нарт Іуэрыіуатэм къыхаха пычыгъуэхэри, гъащІэм узыхуэзэ Іуэхугъуэхэри а махуэм гъунэжу сэтей къащІащ. Хъумэрэныжь къуажэ еджапІэм и еджакІуэхэу Беслъэней Астемыр, Астэжь Мурат, Дыгъужь Аидэ, Жэгуэтэн Софие сымэ «Сосрыкъуэ дунейм къызэрытехьар», «Репетицэ» теплъэгъуэхэр гукъинэжу ягъэзэщІащ.

Черкесск къалэм и еджапІэхэм я гъэсэнхэу Псэун Белэ, Нэхущ Ларинэ, Къущхьэ Аделинэ, ЛІымаху Аминэ, Аргун Амир сымэ «Зи бзэр зымыщІэж щхьэщытхъу» гушыІэ теплъэгъуэри, Черкесск къалэм и е 18-нэ гимназием щеджэ Мэлей Алимрэ ПІаз Элинэрэ ягъэзэщІа «ЕгъэджакІуэ» теплъэгъуэри хуабжьу гъэщІэгъуэн ящыхъуащ.

Эрсакон къуажэм къикІа «Ритмы гор» гупымрэ Черкесск къалэм и е 18-нэ гимназием къыбгъэдэкІа Мэлей Ахьмэд, Махсудов Аслъэн, Сонэ Заур сымэ пшынэ, бэрэбан, пхъэцІыкІ еуэнымкІэ зэхыхьэр ягъэдэхащ.

А махуэм филармоние утыкум зыкъызэрагъэлъэгъуам къинэмыщІауэ, абы и щІыхьэпІэм дежи Даур Аслъэн и цІэр зезыхьэ щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмрэкІэ колледжым къыбгъэдэкІа, адыгэхэм къадэгъуэгурыкІуа цІыху-бэ ІэщІагъэмкІэ гъэлъэгъуэныгъэр къыщы-зэІуахащ.



Мыпхуэдэу псэм хыхьэу екІуэкІа зэхыхьэр къызэгъэпэщынымкІэ, егъэкІуэкІынымкІэ Аслъэнхэ Алий фІыщІэ яхуищІащ Черкесск къалэм адыгэбзэмкІэ и егъэджакІуэхэм. Сабийхэм ядэлажьэ егъэджакІуэ къэс тхьэгъэпсэу яхужиІащ.

Щхьэхуэу къыхэгъэщыпхъэу долъытэ сценарием щыщІэдзауэ махуэщІ фестивалыр зэкІэлъыкІуэу егъэкІуэкІыным хэлэжьыхьа, зыгъэхьэзыра Мамбэт Фатимэ, Жэндар Маринэ, Нартщауэ Маринэ, Иуан Маринэ сымэ. Абыхэм яхуэфащэ фІыщІэр нэхъыбэжщ.

Быщтэ Азэмэт и «Не забывай, что ты АДЫГ» уэрэд телъыджэмкІэ залым щІэтыр щыту Іэгу еуэу, дежьууэ, адыгэ ныпыр дэнэкІи хуарзэу яІыгъыу, гухэхъуэу фестивалыр зэхуащІыжащ.

БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ

Урысей Федерацэм гъэ къэс гъатхэпэм и 25-м егъэлъапIэ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я IэщIагъэ Махуэр. А гуфIэгъуэр яIэт гъуазджэмкIэ Iуэхузехьэхэми, лъэпкъхэм я щэнхабзэ щIэиныр зыхъумэрэ хэIущIыIу зыщIхэми.

Адыгэ эстрадэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа

«Сэ си щхьэкIэ, щэнхабзэр бзэм и деж къыщожьэ. Адыгэбзэр тэрэзу зыхуэмыгъэшэрыуэм сысэмэркъоууэ щыжесIэ къохъу ар мыадыгэжу. Щэнхабзэм куэд зыIэщIеубыдэ — бзэри, хьэлщэнхэри, хабзэри, цIыхугъэри», — къыджиIащ иджырей адыгэ IуэрыIуатэ эстрадэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа, Адыгэ Республикэм, Къэрэшей-Черкесым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Абхъазымрэ Ипщэ Осетиемрэ щIыхь зиIэ я артист ЛЪАЧЭ Альберт Долэт и къуэм.

Адыгэм дапIэм щитIэпIыр щэкIрамэ, кIыщым щипсыхьыр гъущIрамэ, сценэм щрепIыкI и щэнхабзэр дяпэкIэ къыхуэзыIэтыну — лъэпкъ напэр къыхуэзыхъумэну зыщыгугъхэр. Хъуапсэр зигу илъу къэтэджа Альберти, а къалэн пажэр игъэзэщIэну и пщэ щыдилъхьэжым, хэкурысхэми хэхэсхэми ягу къэзыIэтын уэрэд хущхъуэхэр итхащ, абыхэм и цIэр жыжьэ зэрагъэIуам щхьэIэтыгъуэ иригъэхуащ езыр лъапсэкIэ зыщыщ Бэчмырзей къуажэри, зэрыадыгэ лъэпкъыуи.

Уэрэджы Iэм и гъащIэм, творчествэм, и мурадхэмрэ гупсысэхэмрэ ятеухуауэ дедгъэкIуэкIа зэпсэлъэныгъэр фи пащхьэ идолъхьэ.

— Альберт, щэнхабзэм мыхьэнэуэ ептым, ар уи гъащIэм IэщIагъэу къыззэрыхыха хъуам я гугъу къытхуэпщIамэ хъунут. Дауэ уеплърэ, зэманым сыт хуэдэ зэхъуэкIынигъэхэр къыхилъхьа щэнхабзэм? Уэ сценэшхуэм ущытехьамрэ нобэмрэ тхуэзэлъыт...

— Япэрауэ, 1917 гъэмкIэ згъэзэжынщ. Революцэ нэужьым, Ленин унафэ къехь цIыхухэм я щIэныгъэр къаIэтын папщIэ еджэным зратыну. ЩэнхабзэмкIэ Унэхэр дащIыхьын яублэ къуажэ, жылагъуэ, къутыр къэс. IэщIагъэ щэнхабзэ адыгэм диIэ щыхъуар апщыгъуэращ. Фи фIэщ фщIы, хамэщI щыпсэу адыгэхэм я деж, Европэм, КъухьэпIэм япэу концерт къыщыстам згъэунэхуауэ щытащ Урысейм щэнхабзэмкIэ Унэу итым хуэдиз зыщIыпIи зэрыщомыгъуэтынур.

Уэрэдыр си Iэпэгъущ сызэрыцIыкIурэ. Фортепианоми, адыгэ пшынэми, бзэпс Iэмэпсымэхэми сеуэу зезгъэсащ. Къэзухащ гъуазджэхэмкIэ Адыгэ республикэ колледжыр. Абдеж пшынэмкIэ си япэ егъэджакIуэу, псомкIи сызыдэплъейуэ сиIар Тхьэбысым Умарщ. ИтIанэ «Оркестрым и дирижёр» IэщIагъэми сыщыхуеджащ гъуазджэхэмкIэ Ищхъэрэ-Кавказ къэрал институтым. Налшыки педагогыу сиIахэм ящыщщ адыгэр дызэрыгушхуэ композитор ХьэIупэ ДжэбрэIил. Мис апхуэдэ цIыху щыпкъэхэр си гъащIэ гъуэгум ирикIуащ.

Творчествэм зыщеста зэманым фIыуэ сощIэж ди адыгэ къуажэхэм щэнхабзэмкIэ Унэхэр увыIэгъуэ имыIэу лажьэу зэрыщытар. Дэни щыкуэдт къэфакIуэ, уэрэджыIэ, усэеджэ, цIыхубэ IэщIагъэхэм ета гупхэр. МащIэт абыхэм профессиональнэу еджауэ яхэбгъуэтэнур, ауэ, мынобэми — пщэдей ди лъэпкъым зы цIыхушхуэ гуэр къызэрыхэкIынумкIэ гугъапIэ къыдатт.

Совет Союзыр щылъэлъэжым, щэнхабзэми гъуазджэми я шыфэлIыфэм зихъуэж зэпытурэ къекIуэкIащ. Апщыгъуэм Iэпэдэгъэлэл тщIар нобэ хуэм-хуэмурэ зэфIыдогъэувэж. Зыри тхузэфIэкIынукъым ди лъэпкъыр къызэрацIыхур и щэнхабзэмкIэщ жытIэкIэ. ПIалъэ дапщэ ихьынур тхунэмыгъэсам кIэ еттыну, къедмыгъэжьар дыублэну? Сэ щыщIэздзагъащIэм, нэхъапэр Iуэху къехьэжьэн, абы егугъун, цIыхугъэкIэ зэхыхьэн-зэхэкIыжынрамэ, иджы япэ ирагъэщыр бэзэр-сату зэхущытыкIэхэращ. Абы къызэрыпыткIухь хъун Iэмалхэр къэлъыхъуапхъэщ.

— Нэгъуэщ къэралхэм щэнхабзэмкIэ Унэ куэд щыдмыгъуэтыну жыпIащ. АтIэ, гу лъумытэу къэна хъункъым кавказ хэгъуэгухэм, хэхауэ ди адыгэ къуажэ псори иджырей зэманым декIу УнэкIэ къызэрызэмыгъэпэщам. Зи гугъу сщIыр жьы хъуа, зи гъэпсыкIэ-щытыкIэкIэ зэтемыгъэпсыхьауэ щыIэхэращ. Клубыр зэхуэщIауэ, мылажьэу щыщыткIэ, къуажэдэсыр мэгупсысэри, лэжьапIэ лъыхъуэу нэгъуэщI щIыпIэ йожьэ, мэкуэш. Къуажэхэм я щэнхабзэ утыку нэхъыщхьэхэр дауэ «къэдгъэбдзэуэжа» хъуну?

— Дэ къыдгурыIуэн хуейщ адыгэм и щэнхабзэр Хэкум итхкIэ зэрытхуэмыхъумэнур. Адыгэ Республикэми, Къэрэшей-Черкесми, Къэбэрдей-Балъкъэрми къэрал псом Iуэхуу зэфIихым нэхърэ мынэхъ мащIэ ягъэкIуатэу тлъытэмэ фейдэщ. Адыгэбзэри, хабзэхэри, щэнхабзэри хъумэнымкIэ хэгъуэгуищым Iэмалу диIэм хуэдиз зыми къыдитыфынукъым.

Долъагъу адыгэ къуажэхэм щэнхабзэмкIэ Унэхэр щIэуэ дащIыхьу, капитальнэу зэрагъэзэхуэжу. Къулыкъу IэнатIэ лъагэ пэрытхэм ящыгъупщэ хъунукъым щэнхабзэ зимыIэ лъэпкъыр зэрыкIуэдыпэнур. Дапхуэдэу зэманыр мыгугъуми, мылъку дапщэ абы имыхьынуми, нобэ ди бзэмрэ щэнхабзэмрэ къедгъэлмэ, пщэдей езым дыкъыдихыжынущ.

— Сценэшхуэм утехьэну сыт е хэт утезыгъэгушхуар? Сыт хуэдэ гъэхэрат ар? Къытхутепсэлъыхь уи творчествэм и пэщIэдзэм.

— Си уэрэдхэм щIэупщIэ яIэ щыхъуар 1989 гъэращ. Джэдуунэ (Лабинск) къалэм дэт щэнхабзэмкIэ Унэм щылажьэт уэрэджыIэхэр, Iэмэпсымэ зэхуэмыдэхэм еуэф музыкантхэр зыхэт гуп. Арати, абыхэм сэри садэлажьэ хуэдэурэ сакъыхэнэжьыпэри, сыгупсысэу, сригумэщIу щIэздзащ адыгэм этническэ эстрадэ зэрыдимыIэм. Ди макъамэжьхэр я зэхэлъыкIэкIэ апхуэдизу зэрыбейр икIи гъунэ зэримылъар слъагъути, къысщыхъут: «Моуэ тIэкIу дыгъэщIэращIи, дыгъэдахэ, дунейпсо утыку дихьэ, ди макъ яхэгъаIуэ» къызжаIэ нэхъей.

Гупыр зэгъэпэщат бас-гитарэкIи, соло-гитарэкIи, синтезаторкIи. А зэманым, ди къэралым нэхъ щыщIэрыIуэ уэрэджыIэхэм зырызыххэт яхэтыр ди гупым къигъэсэбэпу щыта «Roland», «Yamaha» оборудованэфIхэм хуэдэ зиIэу.

Заул дэкIри, Iэмэпсымэу сиIэм хэзгъыхьащ адыгэ пшынэр, пхъэцIычыр, къамылыр, Iэпэпшынэр, синтезатор IукIэм еспхащ цIыхубэ Iэмэпсымэхэм къарыкI макъ къабзэхэр.

«Беслъэней вагъуэ» цIэр си гупым фIэтщауэ, концерт щытткIэ афишэм и щIагъым «Фольк черкес диско группа» жэуэ щIэддзт. Ар къэзылъэгъуа си ныбжьэгъухэм чэнджэщ къызатащ а жыIэкIэр сэ зи ужь сит лэжьыгъэм емыкIуу, уеблэмэ и мыхьэнэр игъэпуду.

Апщыгъуэм жылагъуэм хэз хъуагъэххэт «Я о тебе пою горный край», «Хэт ар къыбжезыIар адыгэр дыкIуэдыжыну», «ЩIалэгъуалэ къафэ», «Сыадыгэ, сычеркес» жыхуиIэ уэрэдхэр. Этническэ эстрадыр щIэщыгъуэу къызэресхьэжьар гум дыхьауэ, си кассетэхэр хьэлывэ пщтырым хуэдэу зэбграхт Адыгэ Республикэми, КъЧР-ми, КъБР-ми, зэлъащIысат адыгэр зыщыпсэу дэтхэнэ щIыпIи.

— Уи уэрэдхэр кассетэм тету щаща зэманри нобэ хуэдэу дощIэж. Апхуэдэу цIэрыIуэ ухъуа нэужь, дауи, хэхэс адыгэхэм урагъэблэгъащ хьэщIапIэ. ХамэщI къыщыпта концертхэр къэтщтэнщи, сыт хуэдэра нэхъ уигу къинэжар?

— Ди къэралым сикIыну си насып зэи къимыхьынкIэ хъунт, хэхэс адыгэхэм ятеухуауэ уэрэд зыбжанэ сымытхамэ. Абыхэм я Iуэху зэрихуэу, ягу щIэузу зы композитори щыIакъым апщыгъуэм. Хэкужьым пэIэщIэу псэу ди лъэпкъэгъухэм я пащхьэ ситу уэрэд щыжысIэкIэ, я гуфIэ макъым сигъэгухэт, лIыщIыгъуэ етIуанэ хъуауэ ягъэв гукъеуэр ящхьэщысхьа фIэкIа пщIэнтэкъым.

1991 гъэм куэду къысхурагъэхьын щIадзащ егъэблагъэ тхылъхэр. Тыркуми, Германиеми, Америкэм и Штат Зэгуэтхэми, Израилми, нэгъуэщIхэми. ГъэщIэгъуэн дыдэ сщыхъуат Израилым къигъэкIуа письмом доллар 400 зэрыдэлъар. Журтейм сезыгъэблагъэр Тхьэухъуэ Мухьэмэдт, Кфар-Къамэ къуажэм и мэрым и къуэшым.

Сежьэн ипэ, консул къулыкъум сыщекIуалIэм, къызжаIащ щIэныгъэлI щэджащэ ХьэдэгъэлI Асчэр лэжьыгъэ IуэхукIэ Израилым зэрыщыхьэщIэр. Сэ Урысейм срагъэкIын ядакъым: «Мы мазэм адыгэу куэдыщэщ езыр хамэ къэрал лъэтар, щыпщIэн щыIэкъым» жари.

ТхьэухъуэМухьэмэд къэхъуар щесIуэтылIэм, консулхэм захуигъазэри журтыбзэкIэ Iуэхур схузэхигъэкIыжат, «хьэуэ» къызжезыIахэр къыспежьэжат гуфIэпсыжрэ си тхылъхэр зэтрагъэпсыхьыну хьэзыру. ЗэрыжаIэжымкIэ, журтхэм ХьэдэгъэлIыр пащтыхьым и фэ ираплъу, пщIэрэ щIыхьрэ къыхуащIу ирагъэблэгъат.

Сытми, письмом дэлъа ахъшэр гъуэгу уасэ сщIыри, сыунэтIащ Кфар-Къамэ. Мазэ нэхъ абдеж сыщымыIауэ, Рихьание къуажэм щыщ лIы гуэр нысхуэкIуащ, щэнхабзэм епха IэнатIэ къызитыну пIащIэу. «Альберт, уезыгъэблэгъа къуажэм уэрэд хуумытхыу удагъэхьэнукъым» щыжаIэм, жэщым сытIысри зэхэслъхьауэ щытащ «Рихьание» уэрэдыр.

— Псори зэхэту дапщэ уэрэду уи Iэдакъэ къыщIэкIар, уэ жыпIахэри, нэгъуэщIхэм яхуэптхахэри къапщтэмэ? Иужьрейуэ сыт щыгъуэ концерт къыщыптар?

— Концерт сысейуэ къызэрызмытрэ илъэсипщIым щIигъужащ.

Уэрэд 400-м зэрынэхьэсынущ. Сэ стхар уэрэд къудейкъым. Лъэпкъ театрхэми садэлэжьащ я спектаклхэм макъамэ щIэслъхьэу. 1989-2004 гъэхэм къриубыдэу кавказ этническэ музыкэм ирилэжьар сэ зыращ жысIэмэ пцIы сыупсынукъым. Ар апхуэдэу жысIэн хуей щIэхъуми щхьэусыгъуэ иIэщ. Iэджэми нэгъуэщIу къыщIрагъэдзыж си ехъулIэныгъэхэр, схуэмыфащэр къызапэсурэ.

Музыкэм пэжыжьэ цIыхухэм емыкIу куэд жаIэ. Хэти жиIэр пхэнжу къыщIидзыжынущ видеокIи сурэткIи щIэгъэбыдауэ си архивым хэлъ дэфтэрхэр къэсIэтмэ.

СкIэрымылъ зыкIэрыслъхьэнукъым, си фIыщIи хагъэкIуадэу здэнукъым. Псалъэм папщIэ уэрэд жысIэн зэрыщIэздзэрэ илъситI дэкIауэщ нэгъуэщIхэр сценэм къыщытехьар. Си яужькIэ адыгэхэм эстрадэ жанрыр нэхъри хагъэIуащ. ЖысIэнщи, Нэхущ Чэрим игъэзащIэ «Рихьание», «Хьэбибэ» уэрэдхэр сэращ тыгъэу езытар.

— АтIэ, Альберт, илъэсипщIым нэхърэ нэхъыбэ текIыжами, мэкъуауэгъуэм и 15-м Къэрэшей-Черкесым уи концерт Iуэхухэр щебгъэжьэжын уи гугъэщ. Хьэбзэ къуажэращ зытебыдари, Тхьэм жиIэмэ, а махуэм концерт къызыхуэптынухэм сыткIэ захуэбгъэзэнт?

— Си пшыхьыр здэзыIэтыну сызыщыгугъ хьэбэздэсхэм, районым щыпсэухэм сэ фIыуэ сыкъацIыху, езыри си гум хуабэу къинауэ илъщ, аддэ япэу хьэщIагъэ нэс къыщызаха лъандэрэ. Хьэбэзыр сыт щыгъуи ялъытэ зи пшыналъэр мыбгъунлъэ уэрэджыIэхэмкIэ бейуэ. Хьэбэз районым ису хъуам узыншагъэ быдэ яIэну сыхуейт. ГуфIэр я нэгу къищу ирепсэухэ!

Пэжщ, куэд щIауэ сценэм концерт ин къыщыстакъым. Ауэ, сэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист Бэч Азэмэт, Беслъэней Ренатэ сыми мэкъуауэгъуэм и 15-м къыдэдэIун, къыдэплъын щхьэкIэ пшыхьым нытхуеблэгъэну дэтхэнэми и гукъыдэж къызэрытIэтынумкIэ къыдогъэгугъэ.

Къыддежьууну, къыддэфэну хьэзырыр фынеблагъэ, ди гуфIэгъуэр къыддэфIэт!

— Тхьэм уи гугъэфIхэр игъэпэжыж, фIыкIэ дызэIущIэ!

Епсэлъар
ЛЫХЬ Тимурщ

«Анэм и щапхъэр пхъум и бзыпхъэщ»

Черкесск къалэм дэт, Даур Аслъэн и цIэр зезыхьэ щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмрэкIэ колледжым хыхьэ къудамэхэм языхэзым – «Декоративно-прикладное искусство и народные промыслы»-м – щыегъэджакIуэщ Будыщ Динэ Юрэ и пхъур.

Мы бзылъхугъэ нэфIэгуфIэм и гъащIэр гъуазджэм епха мыхъуныр Iэмалыншэт. Ар къызыхэкIар аращи, Динэ къыздэхъуар унагъуэ къызэрыкIуэкъым. АтIэ, абы и анэ, УФ-мрэ КъЧР-мрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, «Декоративно-прикладное искусство и народные промыслы» къудамэм и къызэгъэпэщакIуэ, абы и унафэщI Лэпыгъу Эммэ ди республикэм дэнэ къэна, зэры — ИщхъэрэКавказу къэзымыцIыху щыIэу къыщIэкIынкъым. «Анэм и щапхъэр пхъум и бзыпхъэщ» жыхуиIэщи, Эммэ ипхъухэу Данэрэ Динэрэ анэм и лъагъуэм иримыкIуэ хъунт!

Апхуэдэу, зэрысабий лъандэрэ Динэрэ Данэрэ гуащэхэм щыгъын хуаду, ахэр хадыкIыу, сурэтхэр ятхыу, батикыр я Iэпэгъуу (щэкIыр тхын, лэн) къекIуэкIащ. Динэ зэрыжиIэмкIэ, абы IэщIагъэу къыхихынур зэи упщIэу къыхуэувакъым. Абы ицIыхут зыхуейри, зыдихьэхри.

Бгъэдэлъ зэчийм нэхъри зригъэужьын папщIэ, пщащэ цIыкIур художественнэ еджапIэм щеджащ. ИужькIэ ар щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмрэкIэ колледжым щIэтIысхьащ. Колледжым курыт еджапIэри дигъакIуэт. Иужьрейм пщыхьэщхьэкIэ щеджэурэ е 10-11-нэ классхэр къиухыжащ. Апхуэдэу, лъабжьэ быдэ, зэфIэкI лъагэ щызригъэгъуэтым, Динэ Санкт-Петербург дэт промышленнэ технологиемрэ дизайнымрэкIэ къэрал университетым щIыхьащ. Пщащэм и псэм фIэфI «Декоративно-прикладное искусство и народные промыслы» къудамэр къыхихащ.

— Ищхьэ еджапIэм сыщIыхьэн папщIэ си IэрыкIхэр, си хэдыкIыгъэхэр здэсшати, пэжыр жысIэнщи, псори яфIэгъэщIэгъуэну, яфIэдахэу сIырахащ, — игу къегъэкIырж Динэ.

Университетыр пщащэм ехъулIэныгъэ иIэу, диплом плъыжькIэ къиухащ. Ауэ, еджапIэ нэужьым, абы зэуэ колледжым иунэтIакъым.

— Пэжращи, си щIэныгъэмкIэ сабийхэм нэгъэсауэ садэгуэшэфыну къысщыхъутэкъым. Абы къыхэкIыу, дизайным епха лэжьыгъэхэм нэхъ зеспщытт. Ауэ, Iуэхур сыт, апхуэдэхэм иджы нэхъыбэр компьютеркIэ зэфIагъэкI. Сэ ар си псэм къищтакъым. Си IэкIэ сщIыуэ сесащ, аращ нэхъ сфIэфIри, си гур хэзыгъахъуэри. Уи псэм щыщ Iыхьэ зыхэплъхьа IэрыкIым хуэдэ нэгъуэщIхэр зэи хъунукъым. Апхуэдэу колледжым и егъэджакIуэ IэнатIэм зеспщыта хъуащ икIи сфIэфI дыдэу илъэс 16 хъуауэ мыбдеж сыщолажьэ, ныбжьыщIэхэм си щIэныгъэмкIэ садогуашэ, — жеIэ бзылъхугъэ IэкIуэлъакIуэм.

я щэнхабзэр, я тхыпхъэщIыпхъэхэр къэзыгъэлъагъуэ хьэпшыпхэр, пкъыгъуэхэр хыболъагъуэ. Аращ икIи нэхъыщхьэу мы къудамэм и къалэныр — пасэрей IэщIагъэхэр, гъуазджэр хъумэнращ.

Динэ хуэдэ егъэджакIуэ гумызагъэхэм къаIэщIыхьа ныбжьыщIэхэр зыхуеджэм хуабжьу хуэIэзэ мэхъу. Абы къыхэкIыу, ахэр сыт щыгъуи гъэлъэгъуэныгъэхэм, зэхьэзэхуэхэм ирагъэблагъэ икIи абдеж увыпIэ лъагэхэр къалъэщ.

— Уеблэмэ ди деж къакIуэ сабийхэр апхуэдизымкIэ Iэпэ Iэсэ мэхъури, абыхэм я лэжьыгъэхэр студентхэм ящIауэ хуэбгъэфащэнукъым, атIэ IэпщIэлъапщIэ Iэзэ гуэрым ищIауэ къащохъу утыкушхуэхэм щитхьэкIэ. Ари дэркIэ гъэлъэгъуэныгъэфIщ.

Къинэмыщ Iауэ, ди сабийхэр колледж нэужьым сыт хуэдэ ищхьэ еджапIи тыншу щIотIысхьэ. ЩIэныгъэ ядот, ар зыхащIэнымкIи дахуэткIийщ. ИкIэм нэзмыгъэсхэри щыIэщ. Ауэ ахэр и нэхъыбапIэм езыхэм я щхьэхынагъращ къызыхэкIыр. Тыншу сабийр еджэмэ, IэщIагъэ 12 иIэу щIыдогъэкI, — жеIэ Динэ.

Зи цIэр ину зыгъэIуахэри яхэтщ мы къудамэм щеджа студентхэм. Абыхэм ящыщщ Къул Данэ, ЩотIыкъ Беслъэн, Унэж Азэмэт, нэгъуэщI куэди.

Ауэ зы гукъеуэ мы къудамэм и егъэджакIуэхэм яIэщ: зи Iэпэм дыщэ къыпыщу еджэныр къэзуха псоми я щIэныгъэм хуэфэщэн лэжьапIэ ягъуэткъым.

— Ди гур мэуз абыхэм ябгъэдэлъ зэчийр къыздагъэсэбэпын ямыгъуэту, ямыIэщIагъэ лэжьыгъэхэм зратын къащыхудэхуэкIэ. Ар дызыгъэгузавэ щытыкIэщ. Ди республикэм сувенирхэр здащI лъэщапIэ цIыкIу, тыкуэни хэтыжу, къытхузэрагъэпэщатэмэ, едгъэджахэми лэжьапIэ ягъуэтынут, хэгъуэгур фIыкIэ къэзыгъэлъагъуэ Iуэху зэфIихынут. Апхуэдэ лъэщапIэ-тыкуэн зэрыщыIэр яцIыхумэ, ди республикэм щыпсэухэри, хьэщIэхэри абы екIуэлIэнут, — жеIэ ди псэлъэгъум.

«ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ» жыхуиIэщи, Динэ бгъэдэлъ зэчийр и анэ Эммэ къыхуигъэкIуауэ жыпIэ хъунумэ, езы Дини и сабийхэр тыгъэншэ ищIакъым. Ипхъури и къуэри творчествэм хуэгъэзэщIащ: сурэт ящI, къофэ, щIалэр спортми хэтщ.

Мыбдеж и гугъу щIыпхъэщ Динэ и шыпхъу Дани. Абы лъагъуэу къыхихар дохутыр IэщIагъэми, гъуазджэр и гъащIэм хэкIакъым. Бзылъхугъэм гимнастикэм папщIэ щыгъынхэр ед, ахэр хедыкI, егъэщIэращIэ.

Лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къигъэщIа гъуазджэр зи IэпэIэсагъэмкIэ, зи псэ къабзэмкIэ, зигу щабагъэмкIэ къэзыгъэщI Будыщ Дини, абы и анэ Эмми адэжь щIэиныр хъума хъунымкIэ, хэмыкIуэдэжынымкIэ нобэ ящI хэлъхьэныгъэр уасэншэщ. Тхьэм я IэщIагъэм и хъер ялъагъуу куэдрэ игъэпсэухэ! Я мурадхэр къарехъулIэ!

ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ

«МITT 2024» Дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ

Щэнхабзэ щIэинхэр хъумэным

Москва къалэм щокIуэкI «МITT 2024» туризмэмрэ индустриемрэкIэ Дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэр. Абдеж КъЧР-м туризмэмрэ курортхэмрэкIэ и министерствэмрэ «КЧ Туризм» АНО-мрэ щагъэлъагъуэ ди хэгъуэгум и турист, тхыдэ-щэнхабзэ лъэкIыныгъэ къулейр.

Къэрэшей-Черкесым дизайн, мультимедийнэ турист контент я лъэныкъуэкIэ стенд гъуэзэджэ къызэригъэпэщащ. Абдеж щагъэлъэгъуащ республикэм и хъугъуэфIыгъуэхэр, щэнхабзэ, тхыдэ щIэинхэр, зыгъэпсэхуакIуэхэр куэду къезышэлIэну щIыпIэ дахэхэр. Экспозицэм къеблагъэхэм лъэкIыныгъэ ягъуэтынущ ди хэгъуэгум и лъэпкъхэр IупщIу зыхащIэну.

Республикэм и туроператор нэхъ лъэщихым утыкум къыщагъэлъагъуэ ди щIыналъэм и хъугъуэфIыгъуэхэр, гъуэгу хэхахэр, нэгузыужь зекIуапIэхэр, хэгъуэгум и къэхъукъащIэхэр, езыхэм къыщIагъэкIыжа ерыскъыхэкIхэр.

Къыхэгъэщыпхъэщ, МITT-м и экспозицэм Дуней псом и къэрал 29-рэ Урысейм и хэгъуэгу 58-рэ къикIа нэрыбгэ 790-м щIигъу зэрыхэтыр. Гъэлъэгъуэныгъэм ипкъ иту, абы хэтхэм лъэкIыныгъэ яIэщ Таиландым, Шри-Ланка, Тыркум, Египетым, Китайм, ОАЭ-м, Эфиопием, Иорданым, Къыргызым, Узбекистаным, Абхъазым, Азербайджаным, Беларусием, нэгъуэщI къэралхэм я лIыкIуэхэм ядэуэршэрыну.

Гъэлъэгъуэныгъэм ипкъ иту, КъЧР-м туризмэмрэ курортхэмрэкIэ и Министерствэмрэ «Агнетика тревэл» ООО-мрэ зэдэлэжьэну зэгурыIуэныгъэ зэдащIащ.

«ЗэгурыIуэныгъэр хуэунэтIащ хэгъуэгузэпх турист гъуэгухэр къэгъэщIыным, зегъэужьыным, республикэм туристхэр нэхъыбэу къешэлIэным», — жиIащ КъЧР-м туризмэмрэ курортхэмрэкIэ и министр Текеев Расул.

Лъэныкъуэхэр зэгурыIуащ ди щIыналъэм турист Iуэхущ Iэхэр къэгъэщIынымкIэ, зегъэужьынымкIэ зэдэлэжьыну.

«МITT Дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм щызэдащI зэгурыIуэныгъэхэм я фIыгъэкIэ рекреацэ лъэкIыныгъэхэр цIыхухэм яхэхьэнымкIэ, туризмэм зегъэужьынымкIэ, хьэщIэхэм хьэщIэщхэм псэупIэ щIыпIэ тыншу къахузэгъэпэщынымкIэ сэбэп хъунущ», — жиIащ «Агнетика тревэл» ООО-м и генеральнэ унафэщI Кочетковэ Дарья.

ДЗЭМЫХЬ Маринэ

Узыншагъэ

Зэманым тегъэпсыхьауэ

Адыгэ-Хьэблэ районым фельдшер-акушер ІуэхущІапІищ (ФАП) къыщызэІуахащ.

«Апхуэдэ лъэкІыныгъэр дгъуэтащ Урысейм и Президентым и унафэкІэ къагъэщІа «Узыншагъэ» лъэпкъ проектым хыхьэ «Модернизация первичного звена здравоохранения» хэгъуэгу программэм и фІыгъэкІэ.

ЦІыхухэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ ягъэгъуэтыным ехьэлІауэ зэманым тегъэпсыхьауэ къызэгъэпэща узыншагъэм и ІуэхущІапІэщІэхэр щаухуащ Киево-Жураки, Грушка, Тэпэнтэ жылагъуэхэм.

Иджы цІыху миным щІигъум игъуэу, нэхъыщхьэр аращи – фІагъ зиІэу медицинэ дэІэпыкъуныгъэр зрагъэгъуэтыфынущ. Сымаджэхэм якІэлъыплъынущ зи ІэщІагъэм фІыуэ хэзыщІыкІ фельдшерхэр. ФАП-хэр зыхуэныкъуэ оборудованэкІэ къызэгъэпэщащ.

Къэрэшей-Черкесым мы гъэм ухуэныгъэ, зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэжьащ Джага, Счастливое, Новэ Жэгуэтэ къуажэхэм дэт медицинэ ІуэхущІапІэхэм. Къапщтэмэ, мы гъэм дыухуэнущ, зыхуей хуэдгъэзэнущ икІи капитальнэ зэгъэзэхуэжыныгъэ щедгъэкІуэкІынущ узыншагъэр хъумэнымкІэ ІуэхущІапІи 9-м», — КъЧР-м и Іэтащхьэ Темрезов Рэшид телеграм-каналым щиІэ и напэкІуэцІым щитхащ.

КъЧР-м и Іэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу

АБИДОКЪУЭХЭ Хьэзрэтрэ Фатимэрэ

ГъащІэр къыфхуэгумащІэу,
Хъерыр фи унэ лъащІэу,
Фи быным я ІэфІыр
зыхэфщІэу,
Хъуэхъуу къывжаІэр къыфлъысу,
Тхьэшхуэр насыпкІэ фхуэусэу,
Фи узыншагъэр мыкІуэщІу,
дэрэжэгъуэ фиІэу,
Фи быным я ехъулІэныгъэхэм
фи псэр ягъэгуфІэу,
Фызиплъыр жьэгур мыужьыхыу,
ГъащІэм гу щыфхуэрэ
абы и ІэфІыгъэ псори зыхэфщІэу,
ИлъэсищэкІэ Тхьэм фытхуигъэпсэу!

Фи бынхэр, фи щІэблэр

унагъуэ зэрызэдащІэрэ илъэс 50 зэрырикъуамкІэ дахуохъуахъуэ!

Щ1алэгъуалэм и Илъэсым

Зэныбжьэгъугъэм и утыку

Сочэ къалэм дэт «Сириус» федеральнэ егъэджэныгъэ купсэм гъатхэпэм и 1-7 махуэхэм къыщаІэта Іуэхугъуэшхуэр — щІалэгъуалэм и Дунейпсо фестивалыр, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэкІэ мы гъэм зэхаублэну яубзыхуа дауэдапщэхэм языхэзщ.

Мы Іуэхум зэхуишэсащ Урысейм и хэгъуэгухэм, къэрали 190-м къикІа ныбжьыщІэ мин 20-м щІигъу: хыхьэхэкІым, медиа, лъэпкъыбэ зэдэлэжьэныгъэм, щэнхабзэм, щІэныгъэм, егъэджэныгъэм, волонтерствэм, спортым хуэлажьэхэр, гъащІэм къыщыдгъэщхьэпэ нэгъуэщІ хуэІухуэщІэхэр зэфІэзыххэр.

Ди республикэм икІыу фестивалым кІуа гупым яхэтащ ди лъэпкъэгъу зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ СКФО-м и Ространснадзорым и хэгъуэгузэпх щІыпІэ Управленэм и къэрал инспектор КІэдэкІуей Казбек.

— Казбек, хъунумэ, дыщыгъэгъуазэ фестивалым КъЧР-м игъэкІуа гупым уахэхуа зэрыхъуам...

— Сыздэлажьэ ІуэхущІапІэм и щІалэгъуалэ Советым и тхьэмадэу сыщытщи, фестивалым дезыгъэблагъэ тхылъ ныщытхуагъакІуэм, нэхъ ныбжьыщІэу къыздэлажьэхэм хъыбарыр янэзгъэсыжащ. Абы зэрыхэтынумкІэ куэдым лъэІу тхылъ едгъэхьати, сэ зыращ пхыкІар.

— Республикэм нэрыбгэ дапщэ игъэкІуэфар?

— ЗэрысщІэмкІэ, хэгъуэгум и ІуэхущІапІэ зэхуэмыдэхэм къабгъэдэкІыу лъэІу тхылъ 700-м нэхърэ нэхъыбэ щІалъхьати, фестивалым кІуэну зи пхъэ къикІар цІыху 53-ращ.

— Хэт абы кІуэну лъэкІыныгъэ зратар, фыкъызэрыхаха щІыкІэр дауэ?

— Сириусым кІуэну хуитт лэжьакІуэ щІалэгъуалэри, волонтёрхэри, сэ схуэдэу къулыкъу зыщІэхэри. АтІэ, фестивалым дызэрыхэтынумкІэ тхылъ едгъэхьмэ ди Іуэхур зэфІэкІын ди гугъами, мазищ-плІыкІэ зытІэжьэн хуей хъуащ хэдэу ягъэкІуэну бжыгъэр ІупщІ хъухукІэ. ШынагъуэншагъэмкІэ федеральнэ къулыкъум псори дызэрыщІиплъыкІам къыщымынэу, Сочэ дыщынэсами, ПЦР тестхэр дагъэтащ.

— Фестивалым хыхьэным зыкъом пыщІами, ар сыт и лъэныкъуэкІи купщІафІэрэ узыІэпызышэу къызэрагъэпэщауэ жаІэ. Уэ ахэр дауэ къызэрыпщыхъуар, сыт нэхъ уигу къинэжар?

— Пэжыр жыпІэмэ, дауэдапщэу хъуам ухэтыфыну щыттэкъым. Зы сыхьэтым къриубыдэу Іуэху бжыгъэ зэфІахт, зы щІыпІэм уикІыу нэгъуэщІым укІуэхукІэ, укъыкІэрыхунут. Ауэ си насып къихьащ Медведев Дмитрий, Лавров Сергей сымэ хуэдэ къэрал Іуэхузехьэ щэджащэхэм ирагъэкІуэкІа щІэныгъэ хэзыгъахъуэ лекцэхэм сыщІэсыну.

Пщыхьэщхьэ къэс спорт зэхьэзэхуэхэр ирагъэкІуэкІт. Сэ сфІэфІыр боксращи, гъэсакІуэ, спортсмен лъэрыхьхэм мастер-класс щаткІэ, зэрыдэзмыгъэхуным сыпылът. Фестивалым нрагъэблэгъащ дунейпсо цІэрыІуагъ зиІэ актёрхэри уэрэджыІэхэри. «ЩІэныгъэ» марафоным спикеру хэтащ апхуэдэ зы — тырку киногъуазджэм и щыгу нэхъ ин дыдэм нэсыфа Озчивит Бурак.

— Уэ узыщІыгъуа гупымкІэ дгъэзэжынщи, пщэрылъ хэха гуэр хуащІа абы?

— Урысейм и хэгъуэгу къэс егъэбыдылІауэ щытащ къэрал зэхуэмыдэхэр. Дэ дызыщІагъэтІысхьа пэшхэм пэмыжыжьэу щыпсэур Ираным щыщхэрати, ахэр ди нэІэм къыщІагъэуващ, зы тэрмэш къыдатри.

— Социальнэ напэкІуэцІхэм щытлъэгъуащ Къэрэшей-Черкесым и лъэпкъхэм я ныпхэр фестивалым зэрыздэфхьар. Псалъэм и жыІэгъуэкІэ, адыгэ ныпыр утыку зэрифхьар дауэрэ къащыхъуа нэгъуэщІ къэрал къикІахэм? Хэхэс адыгэхэм уащрихьэлІа?

— Адыгэ ныпыр сІыгъыу гъуэгум сыздрикІуэм, зы мексикан щІалэ гуэр къызбгъэдыхьащ вагъуэ пщыкІутІымрэ шабзищ зэблэдзамрэ гъэщІэгъуэн щыхъуауэ. Ныпыр сІэщІихри сурэт зытыдигъэхащ. ЕтІуанэ упщІэм теухуауэ жысІэнщи, Щамым е Тыркум щыщу си лъэпкъэгъу срихьэлІэнкІэ сыгугъапэт, аршхьэкІэ зыми сыпэщІэхуакъым.

— ХыфІыщІэ Іуфэр дауэ къащыхъуа хьэщІэхэм?

— Дыгъэр зэрыкъухьэу, адыгэхэм, абхъазхэм, осетинхэм джэгу щызэхэтшэт. Мис апхуэдэ зым, адыгэ фащэр щыгъыу Іуфэм ныІухьэри, нэІуасэ зыкъытхуищІащ ди щэнхабзэр фІыщэу зылъагъу япон щІалэм — Нозаки Тайгэ. Сытым хуэдэу дахэу къафэрэт а щІалэр! ЖыпІэнтэкъым азие хытІыгум щалъхуауэ. Абы, куэдым зэращІэщи, адыгэм и гъуазджэр Интернетым щегъэкІуатэ видео зытрихкІэрэ: дахэу къофэ, уэрэдхэмрэ псынщІэрыпсалъэхэмрэ жеІэ. Уеблэмэ нэгъабэ Къэрэшей-Черкесми къакІуэри адыгэм ди щыІэкІэм-псэукІэм къыхэплъащ.

— А япон щІалэм тхыгъэ щхьэхуэ тедухуэри "Черкес хэку"-м и щІэджыкІакІуэхэр щыдгъэгъуэзауэ щытащ... Казбек, а узыхэта лъэпкъ къомым дэтхэнэра зи щэнхабзэкІэ пфІэтелъыджэ хъуар?

— Я зыхуэпэкІэкІи, я хьэл-щэнкІи къыдэбгъэщхь мыхъунур Африкэм щыщ лъэпкъхэращ. Сигу ирихьащ Танзанием и Додомэ къалэм и мэр Дегиш Джэмал иригъэкІуэкІа лекцэр. Абы и пІейтей къэІуэтэкІэм дыкъихьэхуащ.

— ЗэрытщІэщи, мыгъэрей фестивалым и къалэн нэхъыщхьэт лъэпкъыбэ щІалэгъуалэ зэдэлэжьэныгъэм зегъэужьыныр. Абы хуэгъэзауэ къэрал щитІым нэблагъэм ярита псалъэхэр Урысейм хуэгъэпэжыжа?

— Къанэ щымыІэу. Фестивалыр хъуащ зэныбжьэгъугъэмрэ зэдэлэжьэныгъэмрэ я махуэщІу. Хэти илъэгъуащ Урысей Федерацэм и бжэхэр зэрызэІухар, мыбдеж щыпсэухэр зигу фІы илъым хуэфащэу зэрыпыкъуэкІыр.

— Фестивалым сыт къыхэпхар уи лэжьыгъэм е уи гъащІэм къыщыпщхьэпэжыну?

— ЩІалэгъуалэ зэхыхьэм, шэч хэмылъу фІы куэд къыхэпхыфынущ. Сэ сыгушхуауэ сыкъэкІуэжащ апхуэдиз зылъэкІ къэрал сызэрыщыщым папщІэ. ЩІалэгъуалэм и Дунейпсо фестивалыр дэр хуэдэу фІыуэ зыми зэрыхуемыгъэкІуэкІынур си фІэщ мэхъу...

— Упсэу, Казбек!

Епсэлъар ЛЫХЬ Тимурщ

ТЕЛЕПРОГРАММЭ

гъатхэпэм (мартым) и **25-31**

ПОНЕДЕЛЬНИК 25

РОССИЯ 1+КЧГТРК

8:07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
8:35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
9:00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (ног.) (6+)
14:30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
16:30-Местное время. «Литературные встречи». Поэтический вечер З. Булгаровой. (ног.) (0+)
21:05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)

АРХЫЗ 24

06:00 «Здоровье» (12+)
06:30 «Доброе утро» (12+)
08:30 «Утреннее вещание» (12+)
08:35 «Школа ЖКХ» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «События недели» (12+)
09:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Дом моих родителей» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Капитальная стройка» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Здоровье» (12+)
11:35 «Пульс республики» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Дежурная часть» (12+)
12:45 «Лига эрудитов» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Здесь и сейчас» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Королева игры» 16 серия (16+)
15:30 «Проектная мастерская» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Ремесла» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» (12+)
18:00 «Чат вдвоем» (12+)
19:00 «Ислам моя религия» (12+)
19:25 «События дня» (12+)
20:15 «Соседи» (12+)
20:25 «С чего начинается Родина» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (12+)
21:00 «Сильные духом» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Архызский лик» (12+)
22:35 Х/Ф «Детективы» 41;42 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

ВТОРНИК 26

РОССИЯ 1+КЧГТРК

8:07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
8:35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
9:00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (черк.) (6+)
9:35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (черк.) (0+)
14:30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
16:30-Местное время. «Отчий край». А. Жако. (черк.) (0+)
17:00-Местное время. «Долина чарующих звуков». (0+)
21:05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)

АРХЫЗ 24

06:30 «Доброе утро!» (12+)
08:30 «Утреннее вещание» (12+)
08:35 «Соседи» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «Кавказская десятка» (16+)
09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Новостёнок» (6+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Сельский кластер» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Проектная мастерская» (12+)
11:35 «Стихия» (6+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Женский портрет» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Лига эрудитов» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Королева игры» 17 серия (16+)
15:30 «Мой аул» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Мой аул» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00«Прямой эфир» (12+)
19:00 «Архызский лик» (12+)
19:20 «Разговорник» (6+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «О земном и небесном» (12+)
20:30 «Школа ЖКХ» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Здоровье» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Прямая речь» (12+)
22:35 Х/Ф «Детективы» 43;44 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

СРЕДА 27

РОССИЯ 1+КЧГТРК

8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
9.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (карач.) (6+)
9.35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (карач.) (0+)
14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
16:30-Местное время. «Народные традиции». Круглый стол о проблемах языка, истории и культуры карачаевского народа. 2 часть. (карач.) (0+)
21.05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)

АРХЫЗ 24

06:15 «Дежурная часть 09» (12+)
06:30 «Доброе утро!» (12+)
08:30 «Утреннее вещание» (12+)
08:35 «Ваше право» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «Спорт тайм» (12+)
09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Культурный экспресс» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Мой аул» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Пусть меня научат» (12+)
11:30 «Пусть меня научат» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Наша кухня» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Дом моих родителей» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Королева игры» 18 серия (16+)
15:30 «Здоровье» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Республика традиций» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Чат вдвоём» прямой эфир (+16)
19:00 «Проектная мастерская» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Прямая речь» (12+)
20:25 «Парламентский Вестник» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (12+)
21:00 «Сельский кластер» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Нур» (12+)
22:35 Х/Ф «Детективы» 45;46 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

ЧЕТВЕРГ 28

РОССИЯ 1+КЧГТРК

8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
9.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (абаз.) (6+)
9.35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (абаз.) (0+)
14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
16:30-Местное время. «Добрый вечер, республика!». Гости студии многодетная семья Шерметовых. (абаз.) (0+)
21.05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)

АРХЫЗ 24

06:30 «Доброе утро!» (12+)
08:30 «Утреннее вещание» (12+)
08:35 «Пульс Республики» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «Острый вопрос» (12+)
09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Здесь и сейчас» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Поставь мне лайк» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Мой аул» (12+)
11:35 «Прямая речь» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Город» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Культурный экспресс» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/ф «Королева игры» 19 серия (16+)
15:30 «Сельский кластер» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «С чего начинается Родина» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Чат вдвоем» прямой эфир (16+)
19:00 «Капитальная стройка» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Нур» (12+)
20:30 «Ваше право» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Лига эрудитов» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Пульс Республики» (12+)
22:35 Х/Ф «Детективы» 47;48 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

ПЯТНИЦА 29

РОССИЯ 1+КЧГТРК

8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
9.00-Местное время. «Вести. Северный Кавказ». Информационный выпуск. (6+)
9.15-Местное время. «Специальный репортаж». (0+)
9.35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». К Всемирному Дню театра. (0+)
14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
16:30-Местное время. «ГОРЯЧАЯ ЛИНИЯ». Прямой эфир. (0+)
21.05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)

АРХЫЗ 24

06:30 «Доброе утро!» (12+)
08:30 «Утреннее вещание» (12+)
08:35 «С чего начинается Родина» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «Наша Кухня» (12+)
09:40 «Красота в деталях» (12+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Лига эрудитов» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Сильные духом» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Республика традиций» (12+)
11:30 «Ислам моя религия» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Школа ЖКХ» (12+)
12:45 «Дом моих родителей» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Новостенок» (6+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/ф «Королева игры» 20 серия (16+)
15:30 Д/ф «Кавказ сегодня» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Красота в деталях» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 Д/Ф «Жизнь достойная человека» (12+)
18:40 «Дежурная часть 09» (12+)
18:55 «Здесь и сейчас» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Пульс республики» (12+)
20:30 «Соседи» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Ремесла» (12+)
21:20 «Разговорник» (6+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Пусть меня научат» (12+)
22:35 Х/Ф «Детективы» 49;50 (16+)
23:30 «События дня» (12+)

СУББОТА 30

РОССИЯ 1+КЧГТРК

8.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)
8.20-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». «Мир в котором я живу». Программа для детей. (0+)

АРХЫЗ 24

06:05 «Ваше право» (12+)
06:30 «Нур» (12+)
06:45 «Разговорник» (6+)
06:50 «Лекции МГУ» программа (16+)
07:45 «Женский портрет» (12+)
08:30 «Прямой эфир» (12+)
09:30 «Наша кухня» (12+)
10:15 «Разговорник» (6+)
10:20 «Пульс республики» (12+)
10:35 «Кавказ сегодня» (12+)
11:00 Хит-парад «Кавказская десятка» (16+)
11:50 «Неотрывной календарь» (12+)
12:00 «Дом моих родителей» (12+)
12:35 «Архызский лик» (12+)
13:00 «Сильные духом» (12+)
13:25 «Культурный экспресс» (12+)
14:00 Х/ф «Тайна долины фонарей» (6+)
15:30 Мультфильм «Смешарики» (0+)
16:00 «Здесь и сейчас» (12+)
16:35 «Стихия» (6+)
16:50 «Разговорник» (6+)
17:00 «Спорт-тайм» (12+)
17:50 «Неотрывной календарь» (12+)
18:00 Д/ф «Национальное ремесло » (12+)
18:25 Д/ф «Небо самолеты девушки» (12+)
19:00 «Поставь мне лайк» (12+)
19:30 «События недели» (12+)
20:30 «Республика традиций» (12+)
20:50 «Неотрывной календарь» (12+)
21:00 «Город» (12+)
21:40 Х/Ф «Все путем» (16+)
23:25 «Музыка» (16+)

ВОСКРЕСЕНЬЕ 31

РОССИЯ 1+КЧГТРК

8.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия. События недели». Итоговая информационная программа. (6+)

АРХЫЗ 24

06:30 «О земном и небесном» (12+)
06:45 «Разговорник» (6+)
06:50 «Лекции МГУ» (16+)
07:45 Д/Ф «Жизнь достойная человека» (12+) субтитры
08:30 «События недели» (12+)
09:30 «Наша кухня» (12+)
10:15 «Женский портрет» (12+)
11:00 «Новостенок» (6+)
11:30 «Здоровье» (12+)
12:00 «Капитальная стройка» (12+)
12:25 «Разговорник» (6+)
12:35 «Ремесла» (12+)
13:00 «Мой аул» (12+)
13:30 «Здесь и сейчас» (12+)
14:00 Х/Ф «Весенняя сказка» (12+)
15:30 «разговорник» (12+)
15:40 «Спорт тайм» (12+)
16:35 «Стихия» (6+)
16:50 «Разговорник» (6+)
17:00 «Лига эрудитов» (12+)
17:30 «Поставь мне лайк» (12+)
18:00 «Сильные духом» (12+)
18:25 «Культурный экспресс» (12+)
19:00 «Я здесь был» (12+)
19:15 «Красота в деталях» (12+)
19:30 «Острый вопрос» (12+)
20:30 «Пусть меня научат» (12+)
20:50 «Разговорник» (6+)
21:00 «Город» (12+)
21:40 Х/Ф «Опустевший город» (16+)

Черкес хэку
@CHERKESHAKU
Ди телеграм-каналыр

Черкес хэку
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru
Редакцэм и хэщІапІэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкІэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ДЗЭМЫХЬ Маринэ,
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщІэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащІэ технологиехэм, цІыхубэ коммуникацэхэм кІэлъыплъынымкІэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыІэм щыщІатхащ. ЗэрыщІатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кІэ къыщІедзэ.

ФщІэн папщІэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм, цІэ-унагъуэцІэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыІэрыхьэр къанэ щымыІэу тридзэну, Іэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищІыжкъым.
[Р]— мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. Къыдэкі бжыгъэр 2857-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графикКІэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.
Газетыр къизытхыкІхэм яІэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщІэныгъэмкІэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.
ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ,
корректорхэу МУССЭХЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ДЖЫДЖИЙ Динэ